

# KONEKSYON

Yon Bilten Enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

AVRIL 2019

Bilten 11, NIMEWO 52

SA KI LADAN:

- Patnè Kominotè yo
- Lekòl "Five Stars" (Senk Etwal)
- Nouvo Ofisyé Polis

## SID FLORID LA PWOUVE ANGAJMAN LI POU EDIKASYON NAN 4ÈM ANYÈL #MIAMISUP5K



Plizyè milye pwofesè, elèv, paran ak sipòte nan kominote a te met ansam ak Sipèantantan Alberto M. Carvalho pou kouri e mache pou sipòte Edikasyon nan katriyèm Defi Anyèl 5K Sipèantandan an, yon Kous pou Edikasyon.

## PERYÒD APLIKASYON MAGNET ANDEYÒ SEZON REGILYE A

Lekòl Leta Miami-Dade County ouvè peryòd aplikasyon Magnet Andeyò Sezon Regilye li a 17 avril. Kòmanse dat sa a, yo pral mete sou sit Entènèt Magnet Andeyò Sezon Regilye a, lis plas Magnet ki toujou disponib nan kèk lekòl. Paran ki enterese yo dwe premyèman telechaje e ranpli aplikasyon Magnet Andeyò Sezon Regilye a, e kontake lekòl la dirèkteman pou konfime disponibilité ak enfòmasyon sou enskripsyón yo. Elèv yo dwe satisfè kondisyon demand antre/



elijiblite pou yo aksepte yo. Yo ap ranpli plas yo sou baz premye elèv ki enskri se yo ki ap sèvi anvan. Aksepte yon plas Andeyò Sezon Regilye a pa pral afekte plas ou sou

lis datant aplikasyon Magnet ki deja egziste a. W ap jwenn plis enfòmasyon ak lis konplè a nan: [miamimagnets.org](http://miamimagnets.org) oubyen rele 305-995-1922.

DAT AK  
ENFÒMASYON  
ENPÒTAN

9 me - Jou pou Lekòl Segondè Lage Bonè<sup>e</sup>  
27 me - Obsèvans Jounen Memoryal  
6 jen - Dènye Jou Lekòl  
7 jen - Jou pou Pwofesè Fè Planifikasyon

REYINYON KOMISYON  
KONSEY LEKÒL

8 me

10:00 dimaten  
Odyans Piblik sou  
Materyèl Enstriksyonèl

11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye; Lekti  
Final - Zòn Prezans pou  
2019-2020

19 jen

11:00 dimaten  
Reyinyon Regilye

## PWOFESÈ M-DCPS KI BAY ENSPIRASYON



Yo nonmen Jennifer Jimenez, yon pwofesè mizik nan Lekòl Segondè South Miami, kòm youn nan sèlman sis gayan nan peyi a pou Prim Pwofesè Enspiran Sant Kennedy/ Stephen Sondheim 2019. Prim sa yo aksantye kèk nan pwofesè ki pi enspiran nan peyi a e rekonèt yo pou kontribisyon yo.

Istwa ansyen elèv ki te nomine li yo, egzanplifye pwouwwa yon pwofesè genyen pou l'inspire lòt moun e transfòme lavi. Yo te chwazi Jimenez pamì yon gwoup nominasyon yo te resevwa atravè sit Entènèt Sant Kennedy a. Li te resevwa \$10,000 prim kach e yo te onore li nan Sant la ansanm avèk ansyen elèv li te inspire a, Jackeline Zelaya.

Zelaya bay Jimenez kredi dèské li te aprann li "respire" non sèlman pou metrize flit la, men atravè kantite épizòd nan anfans li tankou lè li t ap eseye siviv nan yon fwaye ki te toksik lè li te a pèn yon tinedjè e kèk ane pita pandan li t ap soufri avèk yon poumon ki pat travay.

## DIREKTÈ/TRIS, ASISTAN DIREKTÈ/TRIS EKSEPSYONÈL



## YO ONORE PLIZYÈ PATNÈ KOMINOTÈ ENPÒTAN NAN YON SEREMONI PRIM



Patenarya se yon aspè enpòtan nan siksè lekòl nou yo. Lè nou rekonèt sa ki pi bon pamì meyè patnè sa yo, se yon efò enpòtan pou montre apresyasyon nou e pou fè yon empak sou gwo travay ki ap fèt grasa patenarya sa yo. Espas la te ranpli ak moun nan Dine Rekonesans pou Patnè Kominotè yo ki te fèt 21 mas la. Plis pase 400 lidè kominotè e edikasyonèl te rankontre pou selebre meyè patnè kominotè Distri a pou 2018-2019.

Ane sa a yo te onore Volontè Eksepsyonèl Lekòl yo, Patnè Egzanplè Dade yo, ak moun ki te jwenn onè nan "Superintendent's Choice" (Chwa Sipètentan an) nan dine seremoni prim nan. Yo

te onore tou Gayan "Five Star School Award" (Prim Lekòl Senk Etwal) Depatman Edikasyon Eta a, ansanm ak plizyè fanmi yo te chwazi atravè inisyativ "Families Matter" (Fanmi Enpòtan) Distri a, ki souliyen patenarya avèk fanmi ki ap patisipe nan lekòl nou yo.

Men moun ki te gayan nan evènman ane sa a:

Prim Chwa Sipètentan an: 5,000 Role Models, Miami-Dade County, Royal Caribbean, Fatherhood Task Force of South Florida.

Volontè Eksepsyonèl Lekòl yo: Adilt - Lorena Gutierrez, Treasure Island Elementary, Elèv Lekòl Segondè - Fred Goldman, Dr. Michael M.

Krop Senior High School, Jèn - Sasha Farid, Air Base K-8 Center.

Patnè Egzanplè Dade yo: Atravè Distri a – Triumph Steps, Rejyon Nò – City of North Bay Village, Treasure Island Elementary, Rejyon Santral – ODLI, G.W. Carver Elementary, Rejyon Sid – University of Miami's Frost School of Music, Arthur and Polly Mays Conservatory of the Arts, Adilt – Kolèj Teknik ak Opòtinite e Aksè Edikasyonèl – Miami Diaper Bank, Dorothy M. Wallace COPE Center.

Vizite [www.EngageMiamiDade.net](http://EngageMiamiDade.net) pou wè foto e pou aprann plis konsènan evènman an ak moun yo onore yo.

Miguel Veloso, ki ap sèvi kòm direktè Sant Edikasyon Adilt Miami Springs, te ranpòte pi gwo onè kòm Meyè Direktè Distri pou Ane a. Veloso te kòmanse karyè edikasyon 24 ane li a kòm yon pwofesè Syans Sosyal nan Lekòl Mwayen Booker T. Washington. Lè sa a, yo te pwomote lò kòm Asistan Direktè Lekòl Segondè Miami Southridge anvan li te ale nan Sant Edikasyon Adilt Miami Springs an 2006.

Yo te rekonèt Rhonda Gaines nan Lekòl Segondè Carol City kòm Meyè Asistan Direktè pou Ane a. Gaines te kòmanse karyè li avèk M-DCPS kòm yon pwofesè Lekti/Redaksyon nan Lekòl Mwayen Allapattah an 2003. Li ap sèvi kòm yon Asistan Direktè nan Lekòl Segondè Carol City depi 2017.

## GAYAN PRIM LEKÒL SENK ETWAL FLDOE YO

Se Konsèy sou Patisipasyon Kominotè a ki te kreye Prim Lekòl Senk Etwa "Florida Department of Education (FLDOE)" (Depatman Edikasyon Florid) la e yo prezante li anyèlman bay lekòl ki montre evidans egzanplè nan patisipasyon kominotè. Pou yon lekòl genyen rekonesans lekòl SENK ETWAL la, li dwe montre dokimantasyon li akonpli 100% kritè ki etabli yo nan kategori: Patenarya Biznis, Patisipasyon Fanmi, Sèvis Volontè, Sèvis Koninotè Elèv, ak Komite Konsèy Lekòl. Anpil lekòl kapab gen pwogram solid nan yon domèn, men lekòl eksepsyonèl yo devlope pwogram solid nan tout senk domèn yo. Lè tout eleman sa yo mete ansanm, yo prezante



yon pwogram ki pafètman reyisi e ki reflete angajman yon lekòl nan pousuit ekselans edikasyonèl!

Chak Direktè/tris Lekòl Senk Etwal yo resevwa yon sètifikasi ak yon drapo yo ekspose nan lekòl yo avèk fyète. Pou yon

lis Lekòl Senk Etwal yo, vizite <https://www.engagemiamidade.net/community-five-star-school>.

## M-DSPD FÈ PRESTASYON SÈMAN POU 31 NOUVO OFISYE



Seremoni prestasyon sèman pou 31 novo ofisyè polis te fèt 2 avril, e se pi gwo klas ofisyè depi pasaj Akò Lekòl Segondè Marjory Stoneman Douglas la. Pami novo ofisyè yo genyen yon ansyen jwè NFL, yon veteran lagè Irak, ak ansyen ofisyè oubyen sa ki retrete nan depatman polis Hialeah, Pinecrest ak depatman polis Vil Miami.

## AKADEMI KARYÈ DISTENGE NAN M-DCPS



Venteyen akademi M-DCPS te pamì 88 akademi atravè peyi a rezo "National Academy Foundation (NAF)" (Fondasyon Akademi Nasional) la idantifye kòm Distenge nan evalyasyon anyèl li a. Deziyasyon sa a se pi gwo nivo akonplisman NAF. Sa a se pi gwo kantite pou nenpòt distri nan peyi a. NAF idantifye 100 akademi anplis kòm nivo Modèl, kote 10 ladan yo nan M-DCPS, ki gen ladan pou premye fwa, Akademi Finans Lekòl Segondè Barbara Goleman ak Akademi Enfòmatik Lekòl

## KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN:


### Primè:

Pa Kapab Toujou Reponn Kesyon Pitit Ou <http://bit.ly/2vaXFYW>

### Segondè:

Fè yon Telefòn Entelijan Tounen yon Èd pou Aprantisaj <http://bit.ly/2ZmeSwE>

## MEDYA SOSYAL



[www.dadeschools.net](http://www.dadeschools.net)



@MDCPS  
@MiamiSup



@MiamiSchools  
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools  
@MiamiSup



@MiamiSchools

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

## Komisyón Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Martin Karp, Vis Chèmann Doktè Dorothy Bendross-Mindingall Susie V. Castillo Doktè Lawrence S. Feldman Doktè Steve Gallon III Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez Mari Tere Rojas Alberto M. Carvalho Sipètentandan Lekòl yo Josh Rios Konsèye Elèv nan Komisyón Konsèy Lekòl la

## Se yon Pwodiksyon Biwo Kominikasyon an

Daisy Gonzalez-Diego Ofisyè Anchèf Kominikasyon